



Re-ouvri New York

Direktiv sou Konstriksyon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplikab pou tout biznis konstriksyon nan rejyon New York ke yo pèmèt pou [re-ouvri](#), ansanm ak biznis konstriksyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis konstriksyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite konstriksyon epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Asire distans 6 pye ant pèsònèl la, sòf si sekirite oswa fonksyon debaz nan aktivite travay la mande pou yon distans ki pi kout. ✓ Nenpòt ki lè pèsònèl yo sitiye yo a mwens pase 6 pye youn ak lòt, pèsònèl la dwe mete yon kouvèti vizaj ki akseptab. ✓ Pou nenpòt travay k ap fèt anndan, limite prezans mendèv la a 1 travayè pa 250 pye kare, sou sit la, pa plis, san konte sipèvizè nan kalkil sa a, sof si gen lòt mezi pwoteksyon pèsònèl ki etabli (egz: kouvèti vizaj tout tan). ✓ Si ti espas yo okipe avèk plis pase yon moun alafwa, kenbe okipasyon an anba 50% kapasite maksimòm nan. ✓ Limite rasanbleman an pèsòn ki pa esansyèl yo otan sa posib. ✓ Etabli espas ki deziyen pou ranmasaj ak livrezon, pandan n ap limite kontak yo tout tan sa posib. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kreye plis espas pou anplwaye yo gras a limitasyon prezans an pèsòn nan pou pèsònèl ki nesese pou travay k ap fèt kounye a sèlman, ajiste nan orè travay yo, repati lè arive/depa yo, kreyasyon ekip A/B, ak/oswa pwograme yon ekip sèlman nan yon zòn alafwa. ✓ Itilize riban pou afiche mak distans sosyal la oswa pano pou endike 6 pye espas nan zòn moun itilize ak lòt zòn posib sou sit la (eg: estasyon pou tcheke antre/soti, estasyon depistaj sante.) ✓ Modifye aliyman estasyon travay yo pou kenbe 6 pye distans, epi evite plizyè group ak/oswa ekip travay nan yon zòn. Si li pa posib, bay epi mande pou kouvri figi oswa adopte baryè fizik (tankou miray pwoteksyon an plastik), dapre direktiv OSHA yo, nan zòn kote ki p ap bay pwoblèm ak sikilasyon lè, chofaj, refwadisman oswa vantilasyon. ✓ Ti espas (egz: asansè, palan) ta dwe genyen sèlman yon moun an menm tan, sof si tout moun yo mete kouvèti vizaj. ✓ Redui sikilasyon a pye nan de sans pandan n ap afiche pano ak flèch nan ale, koulwa, oswa espas sere yo. ✓ Fè anplwaye yo travay lakay nenpòt lè sa posib. ✓ Entèdi vizitè ki pa esansyèl sou sit la. ✓ Itilize tele-oswa videyo-konferans lè sa posib. Rasanbleman esansyèl yo (egz: reyinyon) ta dwe fèt nan espas ouvè, ki gen bon van ak distans sosyal apwopriye pami patisipan yo.
Ekipman Pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwayè yo dwe bay anplwaye yo yon kouvèti vizaj akseptab san peye epi prepare yon apwovizyonman kouvèti sifizan nan ka ranplasman. ✓ Pami bagay ki akseptab yo pou kouvri figi genyen, pami lòt, twal (egz: ki fèt lakay, ak twal rad, foula) ak mask chirijikal, sòf si nati travay la egzije Ekipman Pwoteksyon Pèsònèl (Personal Protective Equipment, PPE) pi estrik, paregzanp respiratè N95, ekran pou figi. 	

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York

Direktiv sou Konstriksyon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplikab pou tout biznis konstriksyon nan rejyon New York ke yo pèmèt pou [re-ouvri](#), ansanm ak biznis konstriksyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis konstriksyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite konstriksyon epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Ekipman Pwoteksyon (kontinye)	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Kouvèti vizaj yo dwe netwaye oswa ranplase apre itilizasyon oswa lè yo andomaje oswa kontamine, men yo pa dwe pataje, e yo ta dwe byen estoke oswa jete. ✓ Limite pataj objè (egz: zouti, materyèl, machin, veyikil) epi dekouraje touche sifas pataje; oswa, lè gen kontak ak objè pataje oswa espas moun frekante souvan, mete gan (sa ki apwopriye pou komès oswa medikal); oswa, dezenfekte oswa lave men avan ak apre kontak. 	
Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Respekte egzijans ijyèn ak asenisman yo ki soti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Depatman Sante (Department of Health, DOH) epi kenbe rejis netwayaj nan espas la ki gen ladan dat, tan, ak anvègi netwayaj/dezenfeksyon yo. ✓ Bay e kenbe estasyon ijyèn men pou responsab yo, ansanm ak lave men ak savon, dlo, ak papyè, ansanm ak dezenfektan pou men ki fèt a baz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou espas kote lave men pa posib. ✓ Bay e ankouraje anplwaye yo itilize founiti netwayaj/dezenfeksyon yo avan e apre itilizasyon espas pataje e ki touche souvan yo. ✓ Reyalize netwayaj ak dezenfeksyon regilye omwen chak jou, epi netwayaj ak dezenfeksyon pi souvan objè ki pataje yo (tankou zouti yo) ak sifas yo, ansanm ak zòn moun ki sikile anpil tankou twalèt yo ak zòn komen yo, nan itilize pwodui Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (DEC) ke Ajans Pwoteksyon Anviwònmanal (EPA) idantifye ki efikas kont COVID-19. ✓ Si pwodui netwayaj oswa dezenfektan yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa aparèy yo, pèsònèl la dwe kapab jwenn yon pòs ijyèn men apre chak itilizasyon ak/oswa yo dwe ba li gan jetab. ✓ Entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa nan estil bifè.) 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Nenpòt kote sa posib, ogmante van k ap soti deyò a (egz: ouvè fenèt ak pòt) pandan n ap kenbe prekosyon sekirite yo. ✓ Ankouraje anplwaye yo vini ak manje ki fèt lakay yo epi rezève espas sifizan pou anplwaye yo obsève distans sosyal la pandan y ap manje repa yo.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.



Re-ouvri New York

Direktiv sou Konstriksyon pou Anplwayè ak Anplwaye yo

Direktiv sa yo aplikab pou tout biznis konstriksyon nan rejyon New York ke yo pèmèt pou [re-ouvri](#), ansanm ak biznis konstriksyon nan tout eta a ke yo te deja pèmèt pou opere kòm aktivite esansyèl.

Pandan ijans sante piblik COVID-19 la, tout biznis konstriksyon yo ta dwe rete okouran pou nenpòt ki chanjman eta a ak federal ki gen rapò ak aktivite konstriksyon epi enkòpore chanjman sa yo nan operasyon pa yo. Konsèy sa a pa gen entansyon ranplase nenpòt ki lwa lokal, eta, ak lwa federal, règleman, ak estanda ki deja an aplikasyon.

	Obligatwa	Pi bon Pratik ki Rekòmande yo
Kominikasyon	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Afime ke ou te revize e konprann direktiv eta a te pibliye sou endistri a, epi w ap aplike yo. ✓ Afiche siyalizasyon nan tout sit la pou raple pèsònèl la pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo. ✓ Fòme tout responsab sou nouvo pwotokòl yo e kominike direktiv sou sekirite yo souvan. ✓ Si yon travayè gen tès COVID-19 pozitif, patwon an dwe fè depatman sante eta ak lokal yo konn sa touswit epi kopere avèk efò pou retrase kontak yo, sa gen ladan mete okouran kontak posib yo, tankou travayè oswa vizitè ki te gen kontak sere avèk moun nan, epi an menm tan kenbe konfidansyalite lwa ak règleman eta ak federal yo egzije a. ✓ Afiche byen klè plan sekirite nan espas la. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Etabli yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan yo ak mwayen pou bay enfòmasyon resan.
Depistaj	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Anplwaye ki malad yo ta dwe rete lakay yo oswa retounen lakay, si yo tonbe malad nan travay la. ✓ Gen yon plan pou netwayaj, dezenfeksyon, ak rechèch kontak nan moman yon ka pozitif. ✓ Kreye evalyasyon depistaj sante obligatwa (egz: kesyonè, kontwòl tanperati) avan anplwaye yo kòmanse travay chak jou epi pou vizitè esansyèl yo, pou poze kesyon konsènan (1) sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo, (2) tès COVID-19 pozitif nan 14 jou pase yo, ak/oswa (3) kontak sere ak yon ka COVID-19 konfime oswa sispèk nan 14 jou pase yo. Repons evalyasyon yo dwe revize chak jou e revizyon sa yo dwe dokimante. 	<ul style="list-style-type: none"> ✓ Fè depistaj yo a distans (egz: pa ankèt telefòn oswa elektwonik), avan yo vini sou sit la, tout tan sa posib. ✓ Kenbe yon jounal chak moun, ansanm ak travayè ak vizitè, ki ka gen kontak sere oswa dirèk ak lòt moun nan espas oswa zòn travay la; san konte livrezon ki fèt nòmalman avèk PPE oswa pa mwayen san kontak. ✓ Moun k ap fè evalyasyon sou plas yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen epi mete bonjan PPE, sa gen ladan omwen, bagay pou kouvri figi yo. ✓ Konsilte konsèy DOH la sou pwotokòl ak règleman pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yo sispèk oswa konfime yon ka COVID-19 oswa apre yon anplwaye te gen kontak sere oswa kontak pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la.

STAY HOME.

STOP THE SPREAD.

SAVE LIVES.